

Barundi,

- Barundikazi,
- Bakenyezi mwese
- Ncuti z'Uburundi,

1. Munkundire imbere ya vyose tubanze gushimira Imana Mushoboravyose yo yatuzigamye ikadushikana uyu musu, aho bucu, twifatanya n'abatambukanyi bacu, ba mawe, bashiki bacu, ba senge, ba mamawacu, eka mbere na ba nyokuru ku musu Mpuzamakungu wahariwe umukenyezi.

Nihabwe icubahiro kandi ni ikomerwe amashi kuko irabikwiye.

- Barundi,
- Barundikazi,
- Bakenyezi mwese
- Ncuti z'Uburundi,

2. Uko umwaka utashe, kw'igenekerezo rya 8 Ntwarante Uburundi co kimwe n'amakungu duhimbaza umusi Mpuzamakungu wahariwe umukenyezi, umusi uha akaryo ibihugu ngo birabire hamwe intambwe bigezeko mu gushira mu ngiro intumbero vyiyemeje mu guteza imbere agateka k'umukenyezi kuko yari yarakumiriwe mu bandi ikiringo kitari gito.

3. Nimba iri genekerezo ryagenywe ngo ube umusi wahariwe umukenyezi, si ivyizanye, ni ukubera agaciro umukenyezi afise mu gihugu no mu muryango.

Uyo musu rero nturaba gusa uburongozi bw'igihugu, ni n'akaryo keza ku bakenyezi ko kuzirikana no kurabira hamwe uruhara rwabo mw'iterambere ry'imiryango, mu kibano, no mu gihugu.

Erega uyo musu, n'abagabo urabaraba kuko hari abatibuka ko bafise impande yabo abakenyezi bashoboye kurangura neza ubutumwa Imana yabaremeye, ugasanga barabataye, abandi bakabarira mu nzu.

Kuri nabo nyene rero, igenekerezo rya 8 ntwarante, ni umusi wo kwibuka uruhara rw'abakenyezi babo ntibagume bibaza ko bari kumwe n'abantu ataco bamaze, mbere bofata uko bashatse bitwaza ngo ni uko ari bo baramutswa urugo.

4. Kira noneho, ndabisubiramwo, nama nabivuze kandi sindabideha, umukenyezi muri kamere yaremanywe n'ubutumwa yaronse, ni inkingi y'iterambere mu muryango, ni umwizigirwa, ni kanyamuneza akaba na kiremasha mu muryango nk'uko bakunze kubitera mu mvyino z'ikirundi, abandi na bo bakavuga ko abakenyezi ari ba maboko igihumbi.

Umukenyezi ni we nkingi y'amahoro kubera impuhwe n'urukundo afitiye abiwe. Umukenyezi ni we aja imbere mu kurerera Uburundi.

5. Ni haba hari abakenyezi batameze uko, abo uyo musu ni ubabere akaryo ko kwisuzuma umwe wese ukwiye.

Eka no muri rusangi, ni akaryo keza ku bakenyezi ko gutereza amaso inyuma ngo barabire hamwe uruhara rwabo mu gihugu.

- Barundi,
- Barundikazi,

➤ Bakenyezi mwese

➤ Ncuti z'Uburundi,

6. Uno mwaka, umusi mpuzamakungu wahariwe umukenyezi tuwuhimbaje twisunga icivugo kivuga kiti: « UBUKERE BUTSI BW'ABAKENYEZI NI RYO SOKO RY'ITERAMBERE KURI BOSE ».

Ni icivugo twatoye mu ntumbero yo guhamagarira umukenyezi wese aho ari hose gukerebuka gusumba uko yahora, afate iya mbere mu gutunganya imigambi yo kwiteza imbere, guteza imbere umuryango wiwe n'aho abaye, tutibagiye igihugu cose.

Ndetse, iki civugo kiza cunganira icivugo ngenderwako c'uku kwezi kwa ntwarante, ari co «Umukenyezi ni umwambiro w'ihinduka dukeneye muri Reta-Mvyeyi / Reta-Nkozi ».

7. Umukenyezi ni umwambiro koko, kuko ni karahara mu ruganda ntibacure. Erega n'Imana yarabibonye igihe yarema Adamu ata giherekeza. Mbere natwe twovuga tutihenze ko Abarundi ari ho bakuye wa mwibutsa ngo "Ubugirigiri bugira babiri "

Wa mugabo we! Menya ko ataco ushoboye mu rugo ata mugore; kandi umugore wawe azoba umugore umuhaye agaciro.

Wa mugore we! Menya ko ataho wokwigeza ata mugabo muteranye intege. Kandi n'umugabo nta gaciro azoronka mu bandi utabaye umukenyezi w'ibanga mu rugo.

Ijambo ry'Imana ritubwira ngo kubera ubukerebutsi bw'umugore, umugabo wiwe ni umumenyekana iyo yicaye mw'ikoraniro ry'abakurambere b'igihugu. (Imigani 31:23)

8. Ng'uyo umukenyezi twipfuzaga mu Burundi. Umukenyezi afise imico n'imigenzo myiza y'ikirundi.

Ni co gituma ubu ari igihe co kwisuzuma kugira ntuvuge ico twipfuzaga tutari bugihamvye. Erega haracariho mu gihugu abakenyezi ubutore bwabo babwiraba mu gashusho.

Ako gashusho ni ko gacikisha imisore ibishushungwe, kagakwegera abagabo gusesagura n'ivyo barondereye umuryango bagasigara bifumbereje.

Abo rero badandaza ishusho si bo twohebera uwo muni wose w'igenekerezo rya munani ntwarante. Abo bameze uko ni bo nkwezi y'amazimwe, basambura imiryango, bagakwega inda z'ishushu, mbere bagakwega na vya biza vy'ingwara nka SIDA, Epatite B n'ibindi.

9. Twipfuzaga Umukenyezi nkingi y'amahoro n'umwumvikano mu muryango, no mu gihugu. Ngo ikiganza ciwe akigaranzurira umworo, iminwe yiwe na yo akayiramvurira umukene; ni ko ijamba ry'Imana ritubwira (mu migani 31: 20).

Uwo ni we mukenyezi n'Imana ishaka kuko ni we azana umwizero mu bantu, agatanga impore aho ashitse hose.

Hariho abakenyezi, bitwaza agateka bahawe bakakadandarisha guhemuka no gutukisha igihugu n'umuryango wabibarutse; bakaba ari bo bakokeza indyane mu bana no mu gihugu.

Abo si bo duhebera uyo musu mpuzamakungu wahariwe umukenyezi. Uwo musu w'igenekerezo rya munani, twawuhebeye umukenyezi w'umupfasoni, w'ubuntu, agendera ibanga kandi w'inkerebutsi.

Umukenyezi azi gushirako agahuzu uwo zavuyeko, atararaza igihugu camwibarutse. Erega mu Burundi iyo tuvuze ko umukenyezi ari umuzezwanzu, ni we afise ibanga ry'urugo. None abaye ikimenabanga yoba akimaze iki?

10. None rero dusuzumire hamwe turabe umukenyezi w'Umurundikazi. Umuririmvyi Nkeshimana ni we yihweje abakenyezi b'Abarundikazi arabaraba ati: Abagore mubona bari kune bari gutanu.

Dufashe nk'umukenyezi wo mu muryango utunzwe n'uburimyi, umuravye, biragoye gutahura rimwe na rimwe ingene ashobora kurangura ibikorwa vyiwe ku musu ku musu, kandi ugasanga yabikoze neza cane.

Erega uwo mukenyezi ni we abazwa udukorwa twinshi kugira ngo umuryango ushobore kubaho mu buzima bwa misu yose; abagabo gito na bo bibereye kubarama.

N'abo bandi badatunzwe n'ukurima, turababona ko bazi ko umwana arize abazwa nyina, ariko hagera inkwano canke umubindi utashe urugo, ugashikirizwa ba Senaka. Kandi igitangaje ntaturabona babigirira ishari.

- Barundi,
- Barundikazi,
- Bakenyezi mwese
- Ncuti z'Uburundi,

11. Igenekerezo rya munani ntwarante rero, duhimbaza uwo mukenyezi twirata, ariko, ni akaryo ko na bamwe Nkeshimana yavuga: ba Kinyezimakwakwa, ba Karabadukakane na bo bikebuka.

Abo na bo bomenya ko kungana n'umugabo, mugahangana atariko gateka kabo kuko umwe wese yubahirizwa ku butumwa bwiwe kandi tugategera ko kutaba umutwe w'urugo atari ko kugayika; ahubwo igikomeye ni uko ufatwa nk'umuntu ashoboye kurangura ibanga ujejwe, utari igikoresho.

12. Mu Burundi duhuriwe duhishije turafise intwari mu bakenyezi, bakoreye igihugu, bakerekana ko bashoboye gutorera umuti n'ivyananiye abagabo. Abo ni bo batubera akarorero k'urufatiro.

Mwen'abo bakenyezi b'intwari ni bo bakura akagaye, amahanga yose akamenya ko umukenyezi ashoboye. Ni bo batuma atawusubira kwirengagiza umukenyezi ngo amukumire.

Hariho n'abandi bigeme n'abakenyezi bitangira Igihugu cabibaratse, bakagihesha iteka mu makungu babicishije mu mpano n'ingabirano Imana yabahaye, maze bagatuma Uburundi bugira izina mu makungu.

13. Kuri uyu musu, aho buca duhimbaza uyu musu mukuru, naho tutobadondagura bese ngo tubaheze, turakengurukira cane bamwe mu bigeme tumaze imisi tubona ubukerebutsi n'ubwira bwabo, gurtyo bibere ikimenyetso Abakenyezi bese ko ibikorwa vyiza mukora tubibona kandi tubishima cane.

Turakeje vy'imvamutima umwigeme w'Umurundikazi Sada Nahimana, Umukinyi rurangiranwa muri tennis de cour.

Naho akiri muto kuko afise imyaka 19, ingabire afise ayishigikiza ugukorana umwete udasanzwe, uyu musu akaba ari uwa mbere muri tennis ku rwego rwa Africa mu runganwe. Turamukeje kandi turamushimiye.

Turakeje kandi umwigeme Mireille Kamariza, Umurundikazi w'incabwenge rurangiranwa mu vy'Ubushakashatsi aheruka kuvumbura ubuhinga bunyaruka bwo gupima Ingwara y'igituntu.

Ku biharuro vyakozwe n'ababinonosoye, ubwo buhinga yavumbuye buzofasha kurokora ubuzima bw'abantu ibihumbi n'ibihumbi bahora bahitanwa n'iyi ngwara kubera ukutamenya.

14. Aberekana ubutwari mu bakenyezi si bake: turazi kandi ko hari abakenyezi basigarana intano abagabo bashengeye, ariko ntibadandaze ubupfakazi ngo abana basegereze.

Barigumya bagakuza ibibondo bakabishikana mu bigero.

Abo na bo ni inkerebutsi berekana akarorero ko kuba umupfakazi bidasigura kuba mu batishoboye.

15. None kuva uyu musu nagira nsabe Abarundi bese ngo tuvavanure n'agatima ko gusuzugura abakenyezi.

Ubwambere, ku biraba abagabo, ni tubemere babe ivyariho vyacu mu miryango, bazezwe inzu koko.

Erega umwuko ni ikiriko, ntidutinye no kubazeza itunga ry'umuryango, mbere ni akarorero keza tuzoba turiko duha abana bacu. Ukwo gusabikanya ibikorwa no kugiriranira umwizero ni vyo vyubaka umuryango.

16. Ubwakabiri, bakenyezi namwe! Ni murondere ubwizigirwa mu bagabo banyu mu kurangura neza ubutumwa mujejwe mu muryango.

Mwubahe abanega banyu kuko mu mico y'Abarundi, umugabo ni we kizigenza. Iyo ushatse kumwigereka nawe ngo ube kizigenza, urugo ruba rusambutse kuko, nkuko abakurambere babivuze, "Inkuba zibiri ntizisangira igicu", kandi ngo "Amashenyo abiri ntahurira mu kimenye".

Iyo mu rugo habaye imitwe ibiri itumvikana, ruba rusambutse kuko ubwami butiyunze ntiburama; ndetse n'Urugo rutagira umugabo ntakitarukengera. Musuzuguye abanega banyu, ni ko muzoba muriko mukwega abigira abagabo mu ngo zanyu, rube rusambutse, murubure iyo mwarubonye.

17. Mu gihugu na ho, Reta yariyemeje kugwanya amacakubiri aho aturutse hose. Kugwanya amacakubiri ni ukuvuga ko Abarundi bose bategerezwa kunganya amahigwe yo kugira ijambo no kurangura amabanga y'igihugu. Ni ukuvuga ko zina Murundi wese afise uburenganzira co kimwe n'uwundi. Twebwe, mu Burundi, kubera akahise kabi, muri ibi bihe turacariko turitunganya kugira ngo abari barakumiriwe, batunganirizwe, n'abo abakenyezi badasigaye inyuma. Nihaba mu Burundi tukivuga ngo abanaka baserukirwe ku rugero rungana uku n'uku, si amacakubiri ni itegeko ryo kuzamura abakumiriwe tutirukanye abari barashizwe imbere. Abakenyezi rero ni musubize umutima mu nda, kuko namwe ubu muratorwamwo indongozi zo gukorera abenegihugu.

18. Ariko rero nagira menyeshe Abarundi bose ko ingendo yo gukuraho amacakubiri no gukumirana idasigura ko uwugiye mu mabanga y'igihugu aba aserukira ico ari muri kamere yiwe, aba aje gukorera abenegihugu bose, baba abo basangiye ubwoko canke batabusangiye, baba abo basangiye intara canke igitsina n'abo batabisangiye.

Ntihagire rero uwibaza ngo uwuronse amabanga aba aserukiye aba canke bariya kuko Uburundi ni Repuburika imwe rudende nk'uko tubisanga mw'lbwirizwa Shingiro. Kanatsinda abagutoye ngo ube ico uri ntimwama muba musangiye igitsina canke ubwoko canke intara.

- Barundi,
- Barundikazi,
- Bakenyezi mwese
- Ncuti z'Uburundi,

19. Ubu turi mu gihe co gutanga amahigwe angana mu gihugu, ariko mumenya ko hatorwa abahizi.

Abakenyezi batorwa kuba indongozi bamenye ko badaserukira abakenyezi, ahubwo batowe kubw'ubwizigirwa bwabo.

Aha rero abakenyezi bashizwe imbere bagume bagendera ubwizigirwa n'ibanga batorewe maze babe icitegererezo koko; ejo ntihagire abazohugumbwa basanze inzego zigizwe n'abakenyezi basumba igitigiri abagabo.

Baca umwibutsa mu kirundi ngo "Umuryambwa aba umwe agatukisha umuryango", Reta y'Uburundi ntawe izohora ubukenyezi bwiwe, uwitwaye ukutariko azokwitukisha, kuko ni we azoba yabaye ikigaba.

Ariko bakenyezi mwe! Iki gihe muriko murava mu kigo muja ahabona, mumenye ko ari igihe c'amageragezwa. Aha amaso yose ari kuri mwebwe, baraba ico mwamukamwo.

Turabakebuye kugira mukore ibishimwa, mwirinde gutukwa ngo muri imperekeza, mwiubare, gurtyo mubone kuba isoko ry'iterambere kuri bose, mube abizigirwa koko.

20. Ubukerebutsi ntitubusaba abakenyezi b'indongozi gusa.

Haba namba! Twipfuzwa ko umukenyezi wese aba inkerebutsi muri ivyo vyose ajejwe gurtyo akaba umuntu wokwizerwa no gukuzwa mu vyo akora vyose, haba mu kazi ka Reta, mu mashirahamwe, mu makoperative, mu migambwe, mu mashengeri n'ahandi.

21. Abakenyezi ntibashobora kuba isoko ry'iterambere kuri bose mu gihe badashigikiwe mu rugo, mu mirimo yabo ya misi yose, ndetse no mu mabanga bashinzwe no mu migambi bariko bararangura.

Ni co gituma duhamagariye abagabo kubashigikira, kubatera intege, mbere no kubaterera agacumu k'ubumwe, na kare iteka ritewe umukenyezi riba ritewe umuryango n'uwo bubakanye.

22. Abamenyeshamakuru, Abakozi b'Imana, abihebeye Imana, abarwizatunga, abikorera ivyabo n'amashirahamwe yigenga tubasaba na bo nyene kubaba hafi.

Ivyo baranguye neza babibashimire kandi bimenyekanishwe; ivyo batazi na vyo babibigishe, na kare ngo ubwenge burarahurwa.

- Barundi,
- Barundikazi,
- Bakenyezi mwese
- Ncuti z'Uburundi,

23. Ihimbazwa ry'uwo musu mukuru rishitse mu gihe igihugu cacu gihuruka kwitunganiriza amatara. Turavye ivyavuye muri ayo matara, ku nzego zose abakenyezi baronse ibibanza bishimishije:

Ibice 39% mu Nama Nshingamateka, ibice 41% mu Nama Nkenguzamateka, muri Reta na ho ku Bashikirananyi 15, batanu muri bo ni abakenyezi, eka no mu bindi bisata, naho nyene, bararanga ibice 30%.

24. Reta y'Uburundi yaratahuye kuva kera ko uruhara rw'abakenyezi n'abigeme ari ntangere mw'iterambere ry'igihugu.

Ni ho yaca ishingira umugambi w'igihugu werekeye iterambere ridakumira kugira ngo umurikire ibisata vyose vy'ubuzima bw'igihugu ku cokorwa ngo uruhara rw'umukenyezi mw'iterambere ry'imiryango n'igihugu rwibonekeze gusumba.

Ibitari bike rero biramaze kurangurwa mu ntumbero yo guteza imbere abakenyezi n'abigeme mu Burundi.

25. Ni vyo vyatumye ibitigiri vy'abigeme bidugira mu mashuri nshingiro, mu mashuri yisumbuye no muri Kaminuza;

Ivyo bikaba biri mu migambi ituma abakenyezi n'abigeme babaho neza kuko incabwenge ntihitanwa n'ivyo ari vyo vyose.

26. No mu bijanye no kurwanya amabi akorerwa abakenyezi n'abigeme, Reta ntiyareze amaboko.

Mu gukomeza guhana ububegito bufatiye kuri ayo mabi, Itegeko ryerekeye gukinga no guhasha amabi afatiye ku gitsina ryaremejwe kuva muri Nyakanga 2016.

Uretse ivyo, Reta iritaho gutabara hakiri kare abahuye n'ivyo vyaha.

Ni muri iyo ntumbero ibigo 5 bironsa uwashikiwe n'amabi afatiye ku gitsina ivyo vyose akenera, vyuguruwe mu ntara za Gitega, Cibitoke, Makamba, Muyinga na Rumonge.

27. Mubiraba iterambere ry'igihugu, turavye inyifato y'abagabo mu kazi ka Reta n'abakenyezi, Reta irabona kandi iremeza neza ko abakenyezi benshi ari bo badakebaguzwa mu bikorwa n'aho ata mwonga ubura isato.

Ubu turanezerwa kubona abakenyezi b'uno musu batagisa na bamwe ba kera baregwa “Kura mbone abakwe”.

Ubu turababona mu nzego z'umutekano, baraserukira igihugu mu mahiganwa mpuzamakungu bagatsinda, barubaka amazu, n'ibindi, n'ibindi.

28. Ku biraba Reta y'Uburundi, mu gushigikira ibikorwa vy'abakenyezi ni uko ubwa mbere tubereka ko ubu batagikumiriwe, bari mu bandi, mu kubugururira imiryango mu mirimo yose, mu bisata vyose vy'igihugu.

Ariko kandi Reta yarabonye ko ari bo benshi mu gihugu ku buryo bose bagiye ku kivi iterambere ritoseswa. Ni co gituma duheruka gushinga ya banque y'iterambere ry'abakenyezi mu Burundi kugira ibasahirize mu kubaha imitahe ku nyungu itavuna.

29. Aha rero dutumiriye abakenyezi bo mu ntara zose z'igihugu cacu kuyitegurira mu gutunganya imigambi irashe bazoyitura kugira ibaronse uburyo bwo kuyishira mu ngiro, gurtyo, uburyo Reta y'Uburundi yashizemwo ntituzosange buguma bwicaye, buhamba abakozi ba Banki gusa!

30. Muri iyo ntumbero nyene, Reta y'Uburundi yariyemeje kubungabunga itunga ry'igihugu kugira abenegihugu barisangizwe ata wandya wangura.

Reta y'Uburundi isaba abenegihugu gucungera neza itunga rusangi, gukora batiziganya mu kugwiza umwimbu, gurtyo bagwanye ubukene, haboneke umusesekara, ikigega ca Reta kibomboke, maze Reta yoroherwe mu gutunganiriza abenegihugu, kuko biboneka ko ivyo bakeneye gufashwamwo bikiri vyinshi.

➤ Barundi,

➤ Barundikazi,

➤ Bakenyezi mwese

➤ Ncuti z'Uburundi,

31. Ku ruhanda rwa Reta kandi, si ivyo tubwirizwa, dutegerezwa kuja imbere mu kubandanya kurwanya ikumirana mu gihugu, abenegihugu bose bategerezwa kungana mu kuramirwa n'ivyiza vy'igihugu.

Abahora bakumirwa bose, bategerezwa kwibona ko na bo bangana n'abandi mu gufata ingingo ziraba ubuzima bw'igihugu.

Ni igikorwa kitoroshe kuko gisaba ko amategeko y'igihugu yubahirizwa mu bijanye n'akazi ka Reta ariko kandi amikoro ari make mu kigega ca Reta co guhamba abakozi.

- Barundi,
- Barundikazi,
- Bakenyezi mwese
- Ncuti z'Uburundi,

32. Ntitworangiza tutagarutse ku mpanuro twotekerera abakenyezi ndetse n'abagabo, aho buca duhimbaza uyo musu mukuru udasanzwe:

❖ Ubwa mbere, mwibuke ko muri ba mvuyekure, ntimwishinge kamwe ngo "Twari twaranizwe" ngo mwishinge ashii hanyuma musamare. Ntimutume basubira ku bagaya ngo babakumiriye hageze ngo bitwaze ngo "ntaco mumaze". Ni mwebwe mutegerezwa kwinegesera kuko abagabo baguma babarereka ngo barabe ko koko mushoboye.

❖ Ntibikwiye ko umukenyezi yigira Bugabobwigaba mu rugo, yigereka umugabo. Umukenyezi namenye kandi amenyere ko hariho umutwe w'urugo na we akaba ikibagabaga ciwe. Imigambi yipfuzwa kurangura ayije inama n'uwo bubakanye gurtyo, yirinde ko mu rugo haba agakengere.

❖ Na yo umukenyezi ashaka kuba umwizigirwa mu muryango no mu gihugu, nagire inyifato nziza, mu kibano no mu gihugu nyene. Ni mumenye ko ubu ata muntu akironka amabanga kubera ubwiza, kubera intara, kubera umugambwe, kubera ubwoko canke igitsina. Ico gufata nkama ni uko hadashoboye umugwi, hashoboye umuntu.

❖ Ubwa kabiri ndoresheje amaso kuri namwe abagabo. Abagabo tubahamagariye kwubahiriza abakenyezi banyu mu kubagirira icizere ko bashoboye na bo gutunganya neza ivy'urugo, n'itunga ry'umuryango. Kuja inama n'ingingo mu rugo bituma abana bakura babafiseko ivyiyumviro vyiza bijanye n'uburongozi bwiza, gurtyo bikabubakira kazoza keza kabo.

❖ Nimwubakire hamwe umuryango, mwiyumvire ubuzima bw'abana banyu mu kuvyara abo mushobora kuzoronderera kazoza. Ntimwishinge ngo ni uko umwana ari uw'Uburundi ngo muvuyere benshi ngo igihugu kizorera; ahandi ho mwosanga mwabaye ya nka yavyara mu ci, ngo ahanje ndahejeje, hasigaye aho umwungere. Uburundi na bwo bukeneye abana bushobora kuronderera kazoza.

33. Mu gusozera rino jambo dushimiye abo bose bama bashigikira Reta y'Uburundi mu bikorwa vy'iterambere ry'igihugu muri rusangi na canecane iry'umukenyezi. Ni mukomere kw'ibanga mu kwongereza uburyo bwo gushira mu ngiro imigambi imaze gutegurwa.

34. Ni ku ri ayo majambo twagire turangirizeko ijambo n'umusi mpuzamakungu wahariwe umukemyezi mu Burundi, twipfuzwa abakenyezi bose bo mu Burundi, Abarundikazi n'abanyamahanga, umusi mukuru mwiza buca duhimbaza ejo aho bukerana; Imana ibandanye ibakoresha ibikorwa vyiza vy'ubuhizi.

Nihahangame abakenyezi mu ngo no mu gihugu,  
Nihahangame Uburundi, n'Abarundi!  
IMANA IBAHEZAGIRE, MURAKOZE!